Пролетару дуней псом тетхэ, фэгухьызэIэх!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ

№ 82 (2309) | Гъубж, июлым и 18-м 1944 гъ. | И уас кI. 20

Краснэ Армияр ехъулIэныгъэ хэлъу ипэкIэ мэкIуатэр. Германскэ границэм нэсыным къэнэжар мащIэщ.

Нэхъри фIыуэ дылажьэкIэрэ, дэтIыгъынщ Краснэ Армиям и наступлениер. Лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыныр псынщIу дыухынщ.

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Армиям и генерал ЧЕРНЯХОВСКЭМ Генерал-полковник ЗАХАРОВЫМ

3-рей икIи 2-рей **Белорусскэ** фронтхэм я соединениехэр IэкIуэ-лъакIуу зэдагъэзауэхэкIэрэ, нобэ, июлым и 16-м, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ город икIи крепость **Гродно**—гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ иныр икIи Восточнэ Пруссиям и границэхэм я екIуэлIапIэхэр зэхуэзыщIыжу щытар.

Гродно къэщтэныгъэм щхьэкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъэгъуахэщ генерал-лейтенант **Осликовский**, генерал-майор **Чепуркин** генерал-майор **Брикель**, генерал-майор **Калюжный** сымэ я кавалеристхэм; генерал-полковник **Глаголев**, генерал-полковник **Болдин**, генерал-майор **Провалов**, генерал-майор **Захаров**, генерал-майор **Мультан**, генерал-майор **Полевик**, генерал-майор **Стриженко**, генерал-майор **Слиц**, полковник **Демин**, полковник **Щекников** сымэ я дзэхэм; артиллериям и генерал-майор **Семин**, артиллериям и генерал-майор **Васильев**, артиллериям и генерал-майор **Нефедов**, полковник **Музыченко**, полковник **Федотов**, полковник **Уваров**, полковник **Черкасов**, подполковник **Выборов**, подполковник **Козин**, подполковник **Майоров** сымэ я артиллеристхэм; танкыдзэхэм я генерал-майор **Нецветайло**, полковник **Шмыров**, полковник **Карпов**, подполковник **Хухрин**, полковник **Лерез**, майор **Гайденко**, сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-лейтенант **Велецкий**, полковник **Вусс**, полковник **Чучев**, полковник **Прутков**, полковник **Зимин**, подполковник **Пильщиков**, подполковник **Горшунов** сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-майор **Марьин**, полковник **Мельников**, полковник **Проневич**, майор **Солянкин** сымэ я саперхэм; полковник **Белышев**, подполковник **Федотов**, подполковник **Марков** сымэ я связистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, **Гродно** къэщтэныгъэмкIэ нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ „**Гродненскэхэщ**" жэуэ цIэхэр фIащыну икIи орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, июлым и 16-м, сыхьэт 23-м деж ди Родинэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют яретыр **Гродно** къэзыщта, 3-рей 2-рей Белорусскэ фронтхэм я дзэ лIыхъужьхэм—топ щитIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, **Гродно** хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэтахэу, Фэ фIэщIэлъ дзэхэм псоми **фIыщIэ яхузощIыр**.

МыкIуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэбэнхэкIэрэ, зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН.

Июлым и 16-м 1944 гъэм.

Кувинскэ районым и кIуэцIкIэ лэжьыгъэ къехьэлIэжыныгъэмрэ государствэм гъавэр етыныгъэмрэ зэрекIуэкIымкIэ

ГуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я областной Советым и исполкомым июлым и 13-м 1944 гъэм ищIа унафэ

Облсоветым и исполкомым къэпщытэныгъэ иригъэкIуэкIам къыщIигъэщащ, Кувинскэ рейсоветым и исполкомым, райзом, Б—Зеленчукскэ МТС-м и дирекциям лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыныгъэмкIэ руководствэ тэрэз ямытыныгъэм къыхэкIкIэ, колхозхэм лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыным зэрыхуэфэщэнум тету, зэгъэпэщауэ щIамыдзауэ икIи мыхъумыщIэу екIуэкIыу. Щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэу планымкIэ къырахьэлIэжын хуей гектар 4841 щыщу июлым и 14-м 1944 гъэм ирихьэлIу къырахьэлIэжар гектар 216-рэщ(проценти 4,3). „III-рей Интернационал", КалининкIэ зеджэ колхозхэм иджырикI лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыным щIадзахэкъым.

Райзомрэ колхозхэм я правлениехэмрэ кIэлъыплъ зэпытахэкъым лэжьыгъэр зэрыхъум, нэхъ хъуахэр къыхахыурэ хын къызэрагъэпэщахэкъым, абы къыхэкIкIэ КировкIэ зэджэ, „Рабочий шеф" колхозхэм гуэдзыр хъуауэ щыт пэтмикI махуитI—щыкIэ къыкIэрыхуауэ гуэдз хын щIадзащ.

МТС-м и комбайнэ псорикI лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыным хэткъым икIи иджыри къэсыхункIэ МТС-м тетщ комбайнищ зырикI ямыщIу; губгъуэм даша комбайнэхэр я къару къызэрихькIэ лажьэхэкъым, нормэу хуэгъэувахэр ягъэзащIэхэкъым, махуэ зэрылэжьэн хуейр нэгъэсауэ къагъэсэбэпкъым, куэдрэ къыщыхъу щыIэщ комбайнэхэмрэ косилкэхэмрэ щытхэу дахэу кIэлъымыплъыныгъэм къыхэкIкIэ.

Кувинскэ райсоветым и исполкомымрэ райзомрэ зэрыхуэфэщэнум хуэду къызгурагъэIуахэкъым ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым ищIа постановлениер Черкесскэ районым и кIуэцIкIэ колхозхэм лэжьыгъэр къызэрырахьэлIэжым щыщIагъэу иIэхэмкIэ икIи амал зимыIэу щыт Iуэхугъуэхэр зэрахьахэкъым Кувинскэ районым и колхозхэм лэжьыгъэм хамыгъэкIуэдыкI Iэуэ къырахьэлIэжыныгъэмкIэ. „Рабочий шеф" колхозым щылажьэ комбайнер Дубина бжьыхьэсэ гуэдзымрэ гъэтхасэ ячменымрэ щыпиупщIым щыгъуэ лъэгэу пиупщIащ икIи комбайнэ мыгъэпсамкIэ лажьэурэ колхозым и лэжьыгъэм куэд хигъэкIуэдыкIащ. Мы колхозым и кIуэцIкIэ щхьэмыж куэдхэр кIэрагъэхухэр косилкэкIэ щыпаупщIым деж.

Абхуэдэм я Iуэхур тетщ лэжьыгъэр щызэщIакъуэжым деж куэд хагъэкIуэдыкIыу районым и адрей колхозхэмикI („Вторая Пятилетка", МолотовкIэ зэджэ колхозхэм").

КомбайнэкIэ паупщI лэжьыгъэхэм я плIэнэпэхэр паупщIыныгъэр ирагъэкIуэкIкъым. Щхьэмыж кIэрыхухэр къэщыпыныгъэр зы колхоз закъуэмикI иригъэкIуэкIкъым. лэжьыгъэр фIагъыр хэлъу зещIакъуэжкъым. Райзом а лэжьыгъэм руководствэ ириткъым, МТС-м и агрономхэм колхозхэм лэжьыгъэр къырахьэлIэжыныгъэмкIэ дыIэпыкъуэгъу лъэпкъ ираткъым.

КомбайнэкIэ къырахьэлIэжа гуэдзхэр хьэмхэм деж щаушыбзыныгъэмрэ икIи щагъэгъущыныгъэмрэ мыхъумыщIу йокIуэкIыр. Государствэм гъавэр етыныгъэмкIэ Кувинскэ районым и кIуэцIкIэ государствэм къемыкIу Iуэхугъэхэр зэрахьахэщ: СталинкIэ зэджэ колхозым махуим щIигъуу Заготзерном и элеваторым ирашэлIакъым хьэзыру щылъ ячмень центнери 170.

Кувинскэ Райсоветым и исполкомым и председатель тов. Коваленко государствэм къемызэгъ Iуэхугъуэхэр щимыгъыIэныгъэм ипIэкIэ, ЧкаловкIэ зэджэ колхозым деж хуит щищIащ гъавэр элеваторым ямышу колхозым и кIуэцIкIэ къагъэсэбэпыну.

ГуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым **унафIэ ещIыр:**

1. Кувинскэ Райсоветым и исполкомым и председатель т. Коваленко егъэщIэн Райсоветым и исполкомымрэ райзомрэ зэрыхуэфэщэнум тету руководствэ зэрырамытыр лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыныр тэмаму егъэкIуэкIа хъуныгъэмкIэ икIи районым и кIуэцIкIэ гъавэр государствэм етыныгъэмкIэ щыIэ антигосударственнэ практикэр щымыгъэIэныгъэмкIэ:

2. Къалэн яхуэщIын Кувинскэ Райсоветым и исполкомым и председатель (т. Коваленко), зав. райзо (т. Коцба), Б-Зеленчукскэ МТС-м и директор (т. Луценко) сымэ—пIалъэ имыIэу ягъэкIуэдыну районым лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыныр зэрыщекIуэкIымрэ государствэм гъавэ зэрыратымкIэрэ щыщIагъэу щыIэхэр икIи ягъэзэщIэну:

а) пIалъэ имыIэу комбайн псомикI икIи лэжьыгъэр зэщIэкъуэжыныгъэмкIэ зыхуеинум хуэдиз косилкэ бжыгъэ лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыным ирапхыну, зы жэщ-махуэ пIалъэкIэ колхозхэм, бригадэхэм зэщIакъуэжын хуей графикыр IэралъхьэхэкIэрэ икIи ар зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ зэпытхэкIэрэ;

б) дэтхэнэ колхозми къыщызэгъэпэщын Iэ шэмэджкIэ гуэдз еуэныгъэр, комбайнэкIэ паупщIыну лэжьыгъэхэм я къуапэхэр и чэзум деж гъэхьэзырын (хьэсэ плIэнэпэхэр пыупщIыныгъэр);

в) комбайнэхэр, тракторнэ паркыр, колхозхэм я машинэ простойхэр техническэ къэтыгъэншэ ямыIэу лэжьэныгъэр къызэгъэпэщын, техническэ ныкъусаныгъэхэм къыхэкIкIэ машинэхэр щытыныгъэр гъэкIуэдауэ;

г) лэжьыгъэм зы хьэдзикI хэмыкIуэдыкI Iэуэ къехьэлIэжыныгъэр пIалъэ имыIэу гъэзэщIэн, щхьэмыжхэр къащыпкIэрэ, пхъэIэбжьанэкIэ зэщIакъуэхэкIэрэ, Iуэхугъуэр зыхуейнум хуэдиз колхозхэтрэ еджэкIуэцIыкIухэмрэ ирашалIэкIэрэ.

Лэжьыгъэм хэкIуэдыкIыныгъэмкIэ къуаншэхэр, зэрыхуэфэщэнумкIэ я хьэкъ IугъэщIэн, ди Родинэм и оборонэ къарур зыгъэтIэсхъэну пылъхэм яхуэду;

д) бригадирхэм, колхозхэм я председательхэм и чэзум деж къащтэн комбайнэкIэ, косилкэкIэ зэщIакъуэжа площадыр зыхуэдизымрэ абы и фIагъымрэ, зэригъувам тетуэ акт ящIхэкIэрэ;

е) хуагъэува зэманым деж гуэдзхэм я теплъэр техын, колхозхэм и чэзум деж элеваторым ирагъашэхэмрэ жылапхъэхэмрэ я сортовой документхэр иратхэкIэрэ;

ж) хуабжьу ныIэ тегъэтын гъавэр хъумэныгъэм, колхозхэм нафIэс Iэмэ-псымэу яIэхэр псорикI къызэгъэпэщын.

3. Райсоветым и исполкомым и председатель т. Коваленко и пщэ илъхьэн махуищ пIалъэкIэ къызэригъэпэщыну яIуауэ щыт псорикI государствэм ета хъуныгъэр, гъавэр зышэну гу бжыгъэр хэхауэ хьэзыру щыткIэрэ икIи гъавэр зэтыримыгъэхъуэну хьэмхэм деж.

4. Райсоветым и исполкомым, райзом, колхозхэм я правлениехэм я пщэ илъхьэн комбайнер, тракторист, лэжьыгъэ къехьэлIэжыным елэжь колхозхэтхэм я кIуэцIкIэ социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм зырагъэубгъуну нормэм щIигъуу икIи фIагъыр хэлъу лэжьэныгъэр къэлъэща хъуным щхьэкIэ.

5. Райсоветхэм я исполкомхэм я пщэ илъхьэн районым и кIуэцIкIэ лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыныр зэрекIуэкIымрэ государствэм гъавэр зэрыратымрэ къапщытыну икIи сыт илъэныкъуэкIи Iуэхугъуэ псорикI зэрахьэнхэу ехъулIэныгъэ хэлъу а Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа хъуныгъэмкIэ.

6. Облзом ипщэ илъхьэн Кувинскэ районым и колхозхэм мы унафэр зэрагъэзащIэр къипщытэну июлым и 20-м 1944 гъэм ирихьэлIу.

ГуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председатель М. ДОРОХОВ.
ГуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и секретарь Ф. ТИХОМИРОВ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июлым и 16-м и оперативнэ сводкэ

Июлым и 16-р екIуэкIыхункIэ ОПОЧКА городым и къухьэпIаIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ, ди дзэхэр зауэхэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащтащ къуажэ 80-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэхэр ПОТАШЕВО, БАРСАНОВО, ТОБОЛИНО, МАКУШИНО, БЕРЕЗАВЕЦ, МОЗУЛИ, МИРОЕДЫ, КАМЕНКА, ЖАРКОВО, КУЗНЕЦОВКА, КАСТРОВО, КРАСОВО, гъуэгущIгъуэгу станц КУЗНЕЦОВКА.

ВИЛЬНЮС городым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, ди дзэхэм наступление ирагъэкIуэкIхэкIэрэ, зауэкIэрэ къащтахэщ къуажэ 60-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ПУШЛЕ, БОРТКУНЫ, КРОНИ, КОВАЛИ, УЖУГОСТЬ, СТОКЛИШКИ, ДОРСУНИШКИ, ЕЗНО, БИРШТАНЫ, гъущIгъуэгу станцу ПАГЪЕРИС.

АЛИТУС городым и къухьэпIэ икIи и ипщэ лъэныкъуэхэмкIэ, ди дзэхэм ехулIэныгъэ хэлъу зауэ ирагъэкIуэкIащ, НЕМАН псым и къухьэпIэ псыIуфэ лъэныкъуэм деж плацдармэм зырагъэубгъуныгъэмкIэ икIи къуажэ 40-м щIигъу къащтащ.

3-рей, 2-рей БЕЛОРУССКЭ фронтхэм я дзэхэр июлым и 16-м, махуищ зауэ ирагъэкIуэкIам нужькIэ, ебгъэрыкIуэхэри, къащтащ гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ ин, немецхэм я оборонэмкIэ хуабжьу гъэбыдауэ щыт район, город икIи крепость ГРОДНО.

ВОЛКОВЫСК городым и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ, ди дзэхэм наступление зауэ ирагъэкIуэкIащ, а зауэхэр здекIуэкIым къуажэ 30-м щIигъу къащтащ, абыхэм ящыщхэщ мыхэр КОМОТОВО, ДУБРОВЛЯНЫ, ЖИЛИЧИ, СТРУГА, НОВОСАДЫ, ДУЛОВЦЫ, ШЕВКИ, ШАНДРЫ, ГНЕЗНО, МЕТИБОВО.

ПИНСК городым и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ, ди дзэхэм наступлением зырагъэубгъухэкIэрэ, къащтащ Пинскэ областым и районнэ центрхэу город ЯНОВ, ТЕЛЕХАНЫ, абхуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэгъуэщI къуажэ 50 щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ТЫШКОВИЧИ, МОТОЛЬ, ОПОЛЬ, КАЛИТЫ, ТРЫВИТКИ, ЛЕСКОВИЧИ, РУДСК, ФРАНОПОЛЬ, гъущIгъуэгу станцхэу ЕХНОВИЧИ, ЯНОВ.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ кыщыхъуакъым.

Июлым и 15-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронтым псом дежи зэтыракъутащ немецкэ танки 144. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 66.

Июлым и 17-м и оперативнэ сводкэ

Город ОПОЧКА и къухьэпIаIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ Калининскэ областым и районнэ центр город СЕБЕЖ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщщ мы къуажэшхуэхэр БЕРЕЗНИЦА, БРИНЕВКА, ВЯРЬМОВО, ПЕТРУЧЕНКИ, СТОЛБОВА, БОРИСЕНКИ, МИГЕЛИ, ЛОГУНЫ, ДВОРИЩЕ, ГАВРИЛИНЫ, гъущIгъуэгу станц СЕБЕЖ.

Город ДРИССА и ищхъэраIуэкIэ ди дзэхэр зауэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ, къащтащ Витебскэ областым и районнэ центр город ОСВЕЯ, абы хуэдэ къабз къащтащ нэмыщI къуажэ 30-м шIигъу, абыхэм ящыщщ СВЯТИЦА, ПАДЕРЫ, ДЕДИНО, ГОРБУЛИ.

Город АЛИТУС и ищхъэраIуэкIэ икIи ипщаIуэкIэ ди дзэхэм НЕМАН псым и къухьэпIэ Iуфэм деж плацдармэ къуабыдэм зырагъэубгъуныгъэмкIэ зауэ ирагъэкIуэкIахэщ, зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 20-м щIигъу.

Город ВОЛКОВЫСК и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм, наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ Белостокскэ областым и районнэ центр город СВИСЛОЧЬ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщщ мы къуажэшхуэхэр ЛАША, ПРОКОПОВИЧИ, МАССАЛЯНЫ, ЭЙМИНОВЦЫ, ВЕЛИКАЯ БЕРЕСТОВИЦА, КУКОЛКИ, гъущIгъуэгу станцхэу АНДРЕЕВИЧИ, РУДОВКА, СВИСЛОЧЬ.

БРЕСТСКЭ направлением деж ди дзэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтахэщ Брестскэ областым и районнэ центрхэу—город ПРУЖАНЬ, ШЕРЕШОВ, Пинскэ областым и районнэ центр город ДОРОГИЧИН, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщщ мы къуажэшхуэхэр БЕЛОВЕЖА, ВИДОМЛЯ, ЩЕРБОВО, ЩЕРЧЕВО, ЛИНОВО, МАЛЕЧЬ, ВОРОТНО, ИЛОСК, ДЗЯТКОВИЧИ, ЛОСЬНИЦ, СЕМЕНОВЩИЗНА, ПОПИНА, КУБЛИК, гъущIгъуэгу станцхэу ПУРЖАНЫ, ПАВЛОВИЧИ, ОРАНЧИЦЫ, СНИТОВО, ДРОГИЧИН.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июлым и 16-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежи немецкэ танки 100 зэхакъутахэщ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 94 къыраудыхащ.

Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, июлым и 17-м. (ТАСС). Нобэ пщэдджыжьым союзникхэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр:

Союзникхэм я дзэхэр Ле-Омме-Дартенэ икIи Пон-Эбер и ипщэ лъэныкъуэмкIэ кIуэтахэщ. Ди дзэхэм ящIащ Лозон псым и предмостнэ укрепление адрей лъэныкъуэмкIи зырагъэубгъуащ. Бийм зикIи гъэнэныгъэ гуащIэ къищIым емылъытауэ, союзникхэм я дзэхэр заулкIэ ипэкIэ кIуэтахэщ. Ди дзэхэм тракъуэзэ зэпытащ бийм Сен-Ло и ищхъэрэ, къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ. Союзникхэм я дзэхэм, бийм и зигъэнэныгъэ гуащIэхэр зэпащIкIэрэ, Нуайе и къуажэбгъухэм бгъэдыхьахэщ Виллер-Бокаж-Кан гъущIгъуэгум деж щыIэм.

Июлым и 16-м махуэм союзникхэм я дзэхэр нэхъ здэзэуахэр бийм и нэхъыщхьэ объект коммуникациям дежщ.

ЛОНДОН, июлым и 17. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым пщыхьэщхьэм къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэхэр:

Союзникхэм я дзэхэм бийм тракъуэзэныгъэ зэпытыр ирагъэкIуэкIахэщ икIи абы и оборонэм мащIу хыхьахэщ. Патрульхэр Лессэ псым и бассейн къиуар зэпатхъащ. Союзникхэм я дзэхэм шынагъуэ ящI Перье-Сен-Ле шоссейнэ гъуэгубгъур Ле-Маниль-Бигэ и къуажэбгъухэм деж. Ди къэтщтащ Ремийи-Сюр-Лезон. Город Эвреси и къуэкIыпIаIуэ икIи ипщэ-къэкIыпIаIуэ лъэныкъуэхэм дежхэм ди патрульхэр щыIэхэщ, городыр ди къэдмыщтауэ щыт [illegible]микI.

Союзникхэм я авиациэр зэулрэ теуащ бийм и гъущIгъуэгу объектхэм.

Италиям зауэр зэрыщекIуэкIыр

ЛОНДОН, июлым и 17-м. (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я штабым къырегъэхьыр, атакэхэр ирагъэкIуэкIыкIэрэ, Италиям щыIэ союзникхэм я дзэхэр фронтым и участкэ нэхъыбэхэм деж ипэкIэ кIуэтахэщ.

Тибр аузым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ союзникхэм я дзэхэр бийм и зигъэнэныгъэ хуабжьыр зэпащIкIэрэ, Липпиано къуажэр къащтащ.

5-рей американскэ армиям и частхэу, Арно псым хуэкIуэхэм, контратакэшхуэхэм зызэпырагъэгъазэкIэрэ, къащтахэщ город Лоренцана, абы нэмыщIу къуажэ заулик I. Лигурийскэ тенджызым и Iуфэм деж американскэ передовой частхэр Ливорно километри 8-щ зэрыпэжыжьэжхэр. Поджибенси секторым деж бийм и контратакэшхуэхэр зызэпырагъэгъэзахэщ, хэщIыныгъэ ирахкIэрэ. ИпэкIэ зырыщытэм хуэду 5-рей американскэ армиям и французскэ частхэм я Iэмыщкэ илъщ городыр.

Дыгъуасэ союзникхэм я бомбардировщик соединениехэм хьэлъэхэр теуащ аэродромхэм Вена районым деж щыIэ военнэ объектхэм.

Тактическэ авиациэм и самолетхэм удын ирахащ бийм и военнэ объектхэу Югославиям, Адриатическэ тенджызым, Южнэ Францием щыIэхэм.

А здэзэуа псом дежи бийм и машинэ 44 зэхакъутахэщ. Союзникхэм самолет 20 яфIэкIуэдащ.

А. П. ЧЕХОВ

(ЗэрылIэрэ июлым и 15-м 1944 гъэм илъэс 40 ирикъуащ).

Антон Павлович Чехов 1860 гъэм Таганрог къыщалъхуащ. Чеховыр гимназиям щIэсу и адэ анэр тхьэмыщкIэ хъухэри Москва кIуэжахэщ. Илъэс пщыкIух нэхъ зи мыныбжь щIалэщIыкIур езыр-езырурэ къэхъуащ. ТхьэмыщкIагъэм гъуэгу къыриттэкъым.

Бжьыхьэм 1879 гъ. езы ЧеховыкI Москва кIуэжащ. Абы щыгъуэм илъэс 19 иныбжьт. Москва зэрынэсыхэм хуэду, Чеховыр университетым щIыхьащ. Медицинскэ факультетым хэсу еджурэ, литературэмикI елэжьыныгъэр щигъэтакъым. А гъэхэм хуабжьу тхэуэ щIедзэр. Журналхэмрэ газетхэмрэ Чехов и фельетонхэмрэ рассказхэмрэ къытохуэ зэпытыр.

1884 гъэм Чеховым университетыр къиухащ. Нэхъапэм ар медицинэ Iуэхум ирилэжьэну хуейжьащ, арщхьэкIэ литературэр хыфIидзэфакъым. Куэд темыкIыу етхыр рассказ „ГубгъуэкIэ" еджу. Абы иужь иту къыдокIыр „История езэшыгъуэ" жэуэ рассказыр. Чеховыр дэнэкIи цIэрыIуэ щохъур. Абыхэм я ужькIэ Чеховым нэгъуэщI рассказ хьэлэмэтхэри итхыу щIедзэр („Палата № 6," „Си гъащIэр", „Унтер Пришибеев", нэгъуэщIхэрикI).

Чеховыр июлым и 15-м 1904 гъэм лIащ.

* * *

80 гъэхэм къэхъуахэм ящыщу зи нэхъ ин щымыIэж писательщ А. П. Чеховыр. Рассказ дыхьэшхэнхэмкIэ щIидзащ Чеховым тхэн. 1880 гъэм „Стрекоза" журналым къытохуэр абы и япэрей рассказыр „Гъунэгъу ученэм деж письмо" жэуэ еджу. Дунейм мыхъумыщIагъыу къыгехъухьхэр, дыхьэшхэну къэхъухэр къигъэлъагъуэкIэрэ, Чеховыр пылъащ ар зытет дунейм цIэпIагъыу, щызэрахьэхэр къигъэлъэгъуэну. „Мыжьыкъхэр", „Къуэм" „ДачэщIэ" жыхуиIэ произведениехэм деж Чеховым IупщIу къыщегъэлъагъуэр пщылIыпIэм ит Россиям и къуажэхэм я псэукIэр, мэкъумэшыщIэхэм я тхьэмыщкIагъэр, абыхэм хьэзабу яшэчхэр. А зэманым щыгъуэ итхащ хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэ щыт повестхэу „Си гъащIэр", „Палатэ № 6." А повестхэм Чеховым къыщегъэлъагъуэр уездхэм псэукIэу яIэхэмрэ абыхэм яфIэфIхэмрэ.

А. П. Чеховыр рассказ тхын къудейм къыщынакъым. ГъащIэкIэ ящымыгъуэпщэжыну абы дунеи литературэм хигъыхьащ зи нэхъыфI щымыIэж драматическэ произведениехэр („Шэдыгъуэй сад", „Зэшыпхъуищ" нэгъуэщIхэрикI.

ЩIалэу щIидзащ Чеховым зытет обществэм мыхъумыщIагъэу, леягъэу зэрахьэхэм тепсэлъыхьын. Абы къыщIэгъэщыр цIапIагъэ, пщIыгъэ, мызэхуагъэ, хьелэ зехьэ, тхьэмыщкIэхэр хэутэн зэращIу щыт псорикI. Чехов и акъылышхуэр, абы и псалъэ жанхэр а мыхъумыщIагъэ псорикI гъэкIуэда хъуным тегъэпсыхьащ.

ГъащIэм, дуней щыщIагъэу иIэхэм сыт худизкIи тепсэлъыхьами, Чеховым зэикI жиIакъым дунейр лъкуэмыгъэзэхуэжын Iейщ, цIыхур зыми ельытакъым жэуэ. Абы мыбхуэду жиIэу щытащ: дунейр ухуакъым узэрыхуейм хуэду пщIы мыхъуну, цIыхухэм мыхъумыщIэхэр зыщIэзэыхьэ яхэтщ, ауэ абы ар зыхегъэнэн хуейщ къабзэ щIын хуейщ—мис абы щыгъуэм деж цIыхур зэрыдахэр плъагъунщ.

Абхуэду пэжыгъэр хэлъу гъащIэр зэритхам Чеховыр гурыIуэгъуэ, гъунэгъу, псом дежкIи лъапIэ ещIыр. Арац псоми фIыуэ щIалъагъуэр а писатель хьэлэмэтыр.

Псоми хуэмыдэжу Чеховыр лъапIэщ, иджы отечественнэ зауэр щекIуэкIым деж. Абы хуабжьу фIыуэ илъагъуу щытащ и Родинэр. Ар гукIи, псэкIи етат Родинэм. „ГубгъуэкIэ" зэджэ повестым деж Россиям и ипщэ лъэныкъуэр итхкIэрэ, жиIащ: „Псэр щогуфIыкIыр родинэ хьэлэмат пхъащэм икIи жэщ бзум сыригъусу мы губгъуэшхуэм къыщыслъэтыхьащэрэт жызоIэр".

Чеховыр рассказ кIэщI цIыкIухэм, ауэ хуабжьу Iущу, гъащIэр сыт илъэныкъуэкIи IупщIу къыщыгъэлъэгъуауэ, абы инэ жаным имылъагъу къэмыну, псори къэзыгъэлъагъуэ рассказхэм я авторщ. А рассказхэми, драматическэ произведениехэми мыхьэнэшхуэ щIаIэр ахэр пэжу, дунейм зэрытетым хуэдэ къабзу къегъэлъагъуэри аращ.

Чеховым и произведениехэм гъащIэмкIэ мыхьэнэшхуэ яIэу зэрыщытыр куэд щIауэ нахуэ хъуащ. АбыкIэрэ дэ Чеховым нэIуасэ дыхуещIыр классическэ урыс литературэм къыдагъуэгуркIуа хабзэри ипэкIэ ягъэкIуатэр, нэхъри пэжыгъэр хэлъу. Абы щхьэкIэ Максим Горький жиIащ: „Абы и щIэныгъэшхуэм и къару шынагъуэшхуэр зытеухуар абы зэикI зырикI къызэримыгупщысыращ, зэикI зэримытхар „дунейм къытемыхъухьар".

Чеховыр гъащIэм бгъэдыхьэу щытащ ар зэрыщытым хуэду, абы нэщхъеягъэуи, гуфIэгъуэуи къытехъухьхэр нахуеу къызгуригъаIуэкIэрэ. Ар IупщIу къыщигъэлъэгъуащ „Ссылкэм" жихуиIэ рассказым. ЦIыхур дунейм щытетыр жеIэр Чеховым „псэунырац щыпсэукIэ гуфIэгъуи, нэщхъеягъуи илъагъунщ".

Чехов итха рассказ, повесть куэдхэр зытеухуар ди родинэ хьэлэмэтыр абы и цIыхухэращ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ родинэр зэрылъапIэр, зэрыдахэр, зэрыфIыр. Чеховым дэ дыхуригъэджащ гъащIэр, цIыхур дэ тэрэзу къыдгурыIуэныгъэм. Абы жиIэу щытащ „Дэ псорикI дыцIыхухэщ, дэ фIыуэ дылэжь псорикI цIыхухэм ябгъэдэлъщ".

Пащтыхьыжь зэманым и нэхъ гуэщIэгъуэм псэуа Чехов щIэлэжьар ди социалистическэ родинэ хьэлэмэтым щхьэкIэщ, дэр щхьэкIэщ, абы хишащ цIыхущIэ къэхъухэм я гъуэгур. Чехов—писатель хьэлэмэтыр, акъылышхуэ зиIэр, цIыхухэм дежкIэ лъапIэщ икIи ар фIыдыду ялъагъур, ди япэкIи ялъагъунщ.

ВУ 00229 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54
Черкесскэ областым и государственнэ типографие
Ответ. редактор М. САНИЕВ.